

**Gid pou Fanmi sou kisa nou dwe Fè si ICE
(US Immigration and Customs Enforcement) kanpe nou oubyen debake sou nou**

Konsèy Jeneral:

Pale ak tout moun nan kay ou sou kisa pou yo fè si ajan imigrasyon « ICE » vini lakay ou oswa si yo vin bò kote ou.

1. Rete kalm.
2. Pa kouri. Si w kouri, sa ka bay ajan yo rezon pou yo kanpew epi poze w kesyon.
3. Mande pou w wè ID ajan yo oswa badj ofisyèl yo.
4. Si yo kanpew , mande: “**Eske mwen ka ale?**” Si yo reponn “**wi**”, ou ka ale. Mache ale trankilman.
5. Montre ofisyè a **kat wouj la**. Tout moun Ozetazini, kèlkeswa estati imigrasyon yo, gen sèten dwa ak pwoteksyon dapre Konstitisyon Etazini. **Kat Wouj yo ede** moun afime dwa yo epi defann tèt yo lè ajan ICE vin bò kote yo.
6. Refize reponn nenpòt kesyon.
7. Refize siyen nenpòt papye.
8. Refize inspektyon.
9. Di ou vle pale ak yon avoka.
10. Evite montre nenpòt dokiman ki montre ki peyi ou soti.
11. Pa bay manti. Pa montre fo dokiman .
12. Sonje nimewo de moun ou ka rele pou ede ou si yo kenbe ou, paske ou p ap gen aksè a telefòn ou a.

Dokiman Rekòmande pou W Pote Avèk Ou:

- ✓ Lisans kondwi (nenpòt eta)
- ✓ Kat Rezidans Pèmanan
- ✓ Paspò Ameriken
- ✓ ID lekòl
- ✓ Kat Wouj

Si Ou Pa Gen Papye, Pa mache ak anyen ki montre nasyonalitew:

- Kat Idantite Nasyonal
- Paspò Peyi Natal Ou
- Nenpòt lòt dokiman ki montre ou pa sitwayen ameriken
- ID yon lòt moun oswa nenpòt fo dokiman

Lakay Ou:

1. **PA kouri louvri pòt la.**
2. Pase ofisyè a **kat wouj la** anba pòt la oswa montre l atravè yon fenèt.
3. Si ofisyè a di li gen yon manda jij, mande l pou l pase manda a anba pòt la oswa montre l atravè fenèt la.
4. Si gen yon manda jij **siyen pa yon jij oswa yon majistra**, ou dwe respekte li. Manda sa a dwe gen **non ou, adrès ou, epi siyati jij la** (anba adwat dokiman an). Asire w ke yo montre w **yon manda RECHÈCH AK SÈZI ki soti nan TRIBINAL DISTRIK**, pa yon lòt kalite manda. (Gade imaj anba a.)

Lè yo kanpew Pandan w Ap Kondwi:

1. Rete **anndan machin ou.**
2. Mete **men ou sou volan an.**
3. **Anvan ou rive chèche lisans kondwi ou ak dokiman machin ou, fè ofisyè a konnen ou pral pran yo.**
4. Montre **lisans kondwi ou ak dokiman machin ou.**
5. Di ke **ou pa bay konsantman pou yo fouye machin ou.**

Nan Travay:

1. Rete nan yon **zòn prive.**
2. **Pa kite plas ou.**
3. Swiv plan patwon ou si li genyen youn.
4. **Patwon ou pa dwe pèmèt ICE antre nan okenn espas prive.**
5. **Pa pale ak ICE.** Di yo: "Ou pa gen dwa antre. Fok mwen Pale ak patwon mwen."

Jwenn ak Angaje Yon Avoka ki Gen Lisans:

- ✓ Asire w ke **avoka a gen lisans epi li gen eksperyans nan lwa imigrasyon.**
- ✓ Pwoteje tèt ou kont fwod. **Se sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite pa EOIR/BIA (Executive Office for Immigration Review ak Board of Immigration Appeals) ki otorize ak kalifye pou ede w ak dosye imigrasyon ou.**

- Wè lis EOIR/BIA reprezantan ki akredite nan **CT** isit:
<https://www.justice.gov/eoir/page/file/942306/dl?inline=#CONNECTICUT>
 - ✓ CT ofri sèvis legal pou fanmi ki gen revni ba:
- **Connecticut Legal Services Immigration:** <https://ctlegal.org/about/contact/>
 - ✓ Si w pa kalifye pou asistans legal gratis, ou ka jwenn yon **avoka prive** pou ede w.
- Rechèch yon avoka imigrasyon isit:
 - <https://www.ailalawyer.com>
 - <https://www.immigrationadvocates.org/nonprofit/legaldirectory>

Prepare w nan ka yo ta arete w:

Si yo arete w, yon **plan preparasyon familyal** ak yon **Fòm Gadyen Rezèv** ap otorize yon moun ou chwazi pou pran swen ptit ou yo. Ou **pa bezwen ale tribinal** pou nonmen yon moun kòm gadyen rezèv, epi **pa gen okenn frè** pou ranpli fòm yo.

https://portal.ct.gov/governor/immigration-resources-family-preparedness-plan?language=en_US

Asire w ke manm fanmi ou ak kontak ijans ou yo gen yon kopi **A-nimewo** ou, ki se nimewo enskripsyon etranje ou jwenn sou dokiman imigrasyon ou yo, si ou gen youn. Manm fanmi yo ka itilize **ICE Detainee Locator** pou jwenn pwòch yo:

<https://locator.ice.dhs.gov/#/search>

Eskane kòd QR la pou vizite paj resous Building One Community (B1C).



This is a judicial search warrant. It DOES authorize agents to enter your home.

UNITED STATES DISTRICT COURT < Issued by a COURT.

for the
Eastern District of California

In the Matter of the Search of _____
 (Briefly describe the property to be searched
 or identify the person by name and address)
 540 Oak Avenue
 Davis, California 95616
)
)
)
) Case No.
)
)

SEARCH AND SEIZURE WARRANT

To: Any authorized law enforcement officer

2:11-SW-0161 EFB

An application by a federal law enforcement officer or an attorney for the government requests the search
 of the following person or property located in the EASTERN District of CALIFORNIA
(Identify the person or describe the property to be searched and give its location)

SEE ATTACHMENT A, ATTACHED HERETO AND INCORPORATED BY REFERENCE

Read attachments to make sure they are regarding YOU and YOUR address, not someone else's.
 The person or property to be searched, described above, is believed to conceal *Identify the person or describe the property to be seized*.
SEE ATTACHEMNT B, ATTACHED HERETO AND INCORPORATED BY REFERENCE

I find that the affidavit(s), or any recorded testimony, establish probable cause to search and seize the person or property.

Date for warrant, not
to exceed 14 days

5-9-2011

(not to exceed 14 days)

in the daytime 6:00 a.m. to 10 p.m. at any time in the day or night as I find reasonable cause has been established.

Unless delayed notice is authorized below, you must give a copy of the warrant and a receipt for the property taken to the person from whom, or from whose premises, the property was taken, or leave the copy and receipt at the place where the property was taken.

The officer executing this warrant, or an officer present during the execution of the warrant, must prepare an inventory as required by law and promptly return this warrant and inventory to United States Magistrate Judge

(Initials)

I find that immediate notification may have an adverse result listed in 18 U.S.C. § 2705 (except for delay of trial), and authorize the officer executing this warrant to delay notice to the person who, or whose property, will be searched or seized (check the appropriate box). For _____ days (not to exceed 30).

Until, the facts justifying the later specific date of _____.

Date and time issued: 4-25-2011
at 10:00 AM

Signed by a JUDGE.

City and state: SACRAMENTO, CALIFORNIAEDMUND F. BRENNAN, U.S. MAGISTRATE JUDGE
Printed name and title